Date : April 17, 2014
Nimewo Pwogram Nan : 0935
Tit Pwogram Nan : Danyèl 8:1-13

Bonjou e byenvini nan etid biblik Atravè Labib. N'ap konsidere jodia Danyèl 8:1-13.

Etid biblik Atravè Labib yo se yon seri pwogram Dr. J. Vernon McGee, yon pastè Ameriken, te prepare pou ede nou etidye Bib la ansanm konmanse nan Jenèz rive nan Revelasyon. Nou va wè tout li yo nèt nan Bib la san manke yonn. Kounyea nou nan Danyèl chapit 8.

Annou kòmanse ak lapriyè.

Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l' jòdi a. Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n' tonbe nan tantasyon, men, delivre nou anba Satan. Paske, se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj, depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.

M'espere w' te gen posiblite fè lapriyè Senyè avèk nou. Tankou n' anonse sa pasaj de baz nou pou jounen an se Danyèl 8: 1-13.

DANYEL CHAPIT 8

© Trans World Radio

TEM: Vizyon belye mouton ak bouk kabrit Danyèl la; siyifikasyon vizyon an.

Vizyon Danyèl rapòte isit la nan chapit 8 la te yon vizyon pwofetik nan moman Danyèl te fè l' la, men rive jodia li deja fin totalman akonpli. Paske pwofesi sa a te tèlman byen egizkite e literalman akonpli a 100%, Kritik Labib yo e liv Danyèl la an patikilye baze sou sa pou kesyone otantisite dat redaksyon liv la. Yo pretann di sa Danyèl di yo tèlman byen tonbe fòk se apre yo te fin pase pou yon moun ta konnen yon fen konsa. Dapre kritik liberal yo pwofesi sou evenman ki gen pou rive se bagay sinatirèl, e kòm yo pa kwè nan sinatirèl yon konkli liv Danyèl pa t' ka ekri nan lè Danyèl di li te ekri l', fòk se apre bagay yo te fin pase pou yo ta rapòte yo kòm fè istorik. Men evidamman agiman sa a pa kanpe sou anyen e m' pa menm bezwen pran tan diskite l'. Nou konnen pou sèten se pwofèt Danyèl an pèsonn ki te ekri liv ki pote non l' lan e l' te ekri l' egzakteman lè l' di l' te ekri l' la. Ou konnen, gen kèk pwofesè k'ap fè diskisyon pou konnen si se Shakespear ki te ekri Shakespear. E Mark Twain reponn kesyon sa a yon fason amizan pou di si se pa Shakespear ki te ekri Shakespear, fòk moun ki te ekri l' la te gen menm non avè l'! Menmjan an tou nou kapab amize nou pou n' di: Si se pa Danyèl ki te ekri Danyèl anviwon 600 lanne anvan Jezikri fòk moun ki te ekri l' la te pote menm non an e viv nan epòk avè l'.

Vizyon pwofetik belye mouton ak de kòn diferan e bouk kabrit ak yon kòn Danyèl la mete anba yon mikwoskòp konfli ki te genyen ant dezyèm ak twazyèm anpi a e chire pit ki te egziste ant lès ak lwès, ant Loriyan ak Loksidan, ant Azi ak Lewòp. Sa se konfli ki te egziste ant anpi peyi Medi ak peyi Pès la e anpi Grès Masedwàn nan. Vizyon sa a tou te gen ti kòn pa l', e ti kòn sa a deja fin akonpli nan Antyokis Epifàn, gran pèsekitè Jwif yo, ki te gen ti non "Newon istwa Jwif la."

© Trans World Radio

Nou dwe note tou premye gran seksyon liv la, Danyèl 2:4 - 7:28, te ekri nan lang Arameyen, lang peyi Siri a ak lang ofisyèl kat gran anpi yo. Men kòmanse isit la nan chapit 8 la, Danyèl pral chanje pou tounen sèvi lang Ebre.

VIZYON BELYE MOUTON AK BOUK KABRIT LA

Danyèl 8 :1 *Mwen menm Danyèl, mwen fè yon lòt vizyon ankò apre premye vizyon sa a. Lè sa a, Bèlchaza t'ap mache sou twazan depi li te wa.*

Kounyea nou nan twazyèm lann reny Bèlchaza ki se dènye wa anpi Babilòn nan. Vizyon Danyèl te rakonte nan chapit 7 la te fèt sou premye lanne reny Bèlchaza, donk se vè finisman anpi Babilòn nan Danyèl te resevwa vizyon sa yo.

Danyèl 8 :2 *Nan vizyon an, mwen wè mwen te lavil Souz, kapital la ki nan pwovens Elam lan. Mwen te kanpe bò larivyè Oulayi.*

Danyèl, nan vizyon an, te lavil Souz, kapital anpi peyi Medi ak peyi Pès la, ki se dezyèm nan kat gran anpi yo.

" *Mwen te kanpe bò larivyè Oulayi."* Gen kèk tradiksyon ki presize li te kanpe bò fò a toupre larivyè Oulayi, ki se larivyè Kerkah yon larivyè ki travèse lavil Souz.

Rezon kifè sèn vizyon sa a pa t' dewoule Babilòn men pito lavil Souz se pake vizyon an gen pou wè ak dezyèm e twazyèm gran anpi yo. Eveneman yo Danyèl te anonse ou predi isit la te akonpli literalman nan espas desan lanne. Akonplisman sa a tèlman remakab ke kritik yo ensiste pou di liv Danyèl pa t' ak ekri lè

© Trans World Radio

Danyèl di l' te ekri l' la vre. Yo di se apre bagay yo te fin pase yon moun te rapòte yo nan liv la, donk yo pa yon pwofesi men yon senp resi istorik. Nou tout konnen sa se jefò y'ap fè pou wè si yo ta elimine aspè mirak la, yon eleman jenan ki pa adpate nan sistèm entèpretasyon yo a.

Danyèl 8 :3 *Mwen leve je m' gade, mwen wè yon belye mouton ki te kanpe bò larivyè a. Li te gen de kòn byen long ki pa t' pouse menm lè. Sa ki te pouse apre a te pi long pase premye a.*

Danyèl di li te wè yon belye mouton ki "*te gen de kòn byen long…"* De kòn sa yo reprezante wayòm mikst peyi Medi ak peyi Pès la.

Danyèl presize: *"… De kòn byen long ki pa t' pouse menm lè."* Ki vle di te gen yon kòn ki te pouse an premye e lòt la annapre men n'ap souliye dezyèm kòn lan te pouse pi long pase premye a. Premye kòn nan reprezante peyi Medi ki te vini an premye lè jeneral Gobriyas te anvayi e detwi lavil Babilòn lan. Pita moun peyi Pès yo t'apral pase sou tèt moun peyi Medi yo e dirije anpi a rive nan pi wo nivo l'. Kifè belye mouton sa a, ki te gen de kòn ki pa t' pouse menm lè a ak yon kòn ki pi long pase lòt la, reprezanti anpi peyi Medi ak peyi Pès la, avèk moun Peyi Pès yo plase nan yon pozisyon siperyè.

Danyèl 8 :4 *Mwen wè belye mouton an t'ap bay kout kòn nan direksyon solèy kouche, nan direksyon nò ak nan direksyon sid. Pat gen yon bèt ki te ka kenbe tèt avè l'. Ni pa t' gen pesonn pou wete yo anba pat li. Li t'ap fè sa l' pito. Chak lè, li t'ap vin pi awogan.*

Danyèl di: " *Mwen wè belye mouton an t'ap bay kout kòn nan direksyon solèy kouche, nan direksyon nò ak nan direksyon sid."* Sa fè twa direksyon, nou konnen se kat pwen kadino ki genyen,

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

poukisa l' pa t' voye kòn sou bò lès, nan direksyon solèy leve? Peyi Pès te deja plase sou bò lès li pa t' kontinye avanse nan direksyon sa a. Si yo te kontinye avanse sou bò sa a yo ta va antre nan zonn Oriyan an e pantan sou peyi tankou Lend ak Lachin. Men, yo t'ap mache pran peyi nan tou lòt direksyon. Se anpi sa a yo te reprezante avèk lous la nan chapit 7 la, yo te gen yon lespri vendikatif yo t'ap mache pran peyi.

Danyèl 8 :5 *Antan mwen t'ap chache konprann sa sa te vle di, mwen wè yon bouk kabrit k'ap kouri vin soti bò solèy kouche. Li t'ap kouri sitèlman vit, pye l' pa t' touche tè. Li te gen yon sèl gwo kòn nan mitan de je l' yo.*

Pandan Danyèl t'ap kalkile tout bagay sa yo nan tèt li, li wè yon bouk kabrit ki soti kote l' soti k'ap kouri vini soti sou bò solèy kouche. *Li t'ap kouri sitèlman vit, pye l' pa t' touche tè. Li te gen yon sèl gwo kòn nan mitan de je l' yo.* Bouk kabrit la reprezante Lagrès (gade vèsè 21), e kòn nan senbolize Alexandre Legrand.

Sou gouvènman wa Xèsès, peyi Pès te gen entansyon kontinye avanse sou bò lwès, men sou bò lwès sa a te gen yon bouk kabrit ki *t'ap kouri sitèlman vit, pye l' pa touche tè*. Sa koresponn ak kat zèl pantè yo yon senbòl vitès deplasman fenomenal lame Alexandre Legrand an.

Danyèl 8 :6, 7 *Li mache sou belye mouton mwen te wè kanpe bò larivyè a ak de kòn lan. Li vare sou li ak tout fòs.*
Mwen wè l' atake belye mouton an. Li move sou li, li frape l', li kase de kòn li yo. Belye mouton an pa t' gen fòs pou kenbe tèt ak li. Bouk kabrit la jete l' atè, li pilonnen l' anba pye l'. Pat gen pesonn pou wete belye a anba pat bouk kabrit la.

Danyèl dekri sa l' wè a, li di bouk kabrit la *"vare sou li ak tout fòs.*

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Mwen wè l' atake belye mouton an. Li move sou li, li frape l', li kase de kòn li yo." Bouk kabrit la te atake avèk raj e ak rayisman. Li vare sou belye mouton an nan objekif pou anyeanti l'.

Se wa Xèsès ki te dènye gran chèf anpi Pès la, e l' te fè yon va sou kontinan Ewopeyen, sou peyi Lagrès. Li avanse ak yon lame 300, 000 moun ak tout fanmi yo. Grèk yo te gen lespri, yo pa t' soti al kontre l'. Men, yo ret tann li rive Tèmopil pito, Tèmopil yon ti koulwa tou jennen ki pa ka pran yo gwo lame. Kòm yon sèl sòlda grèk te vo menm 10 sòlda Pès, Pès yo pa osi byen antrene e disipline ke Grèk yo, Grèk yo te ranpòte laviktwa Tèmopil. Yo te masakre gran lame Pès la pandan l' tap eseye travèse ti koulwa tou fèmen an yon ti ponyen moun alafwa. Answit, yon tanpèt te detwi gran flòt 300 bato Xèsès la nan Salamis. Listwa rakonte lè yo vin bay Xèsès nouvèl destriksyon flòt li a, msye mache rive bò lanmè a, li rale sentiwon l' epi l' tonbe kale vag lanmè yo paske yo detwi bato l' yo! Antre nou sa pa reyaksyon yon nonm entelijan non, pa vre!

Gran echèk sa a se dènye efò peyi lès yo te fè pou avanse sou peyi lwès yo, depi lè sa a yo pa t' janm eseye fè okenn lòt konkèt ankò. Se vre foul moun Mohammed yo te franchi rive jouk an Espay, men Charles Martel te bare yo lawout nan batay Tour la. Nou konnen tou Tik yo te eseye avanse sou bò lès, atravè Balkan yo, men yo pa t' reyisi.

Konsa sou bò lès la, te gen yon jeneral esepsyonèl yo rele Alexandre Legrand ki t'ap pran ekspansyon. Msye te mouri trè jèn a laj tranndezan. Men se te yon jeni militè, yonn nan pi gran jeni militè ki janm egziste sou latè. Li te ka deplase yon batayon tèrès pi vit pase okenn lòt moun te janm rive fè.

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com

Danyèl 8 :8 *Bouk kabrit la konmanse grandi, li vin awogan anpil. Lè li fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase. Kat lòt gwo kòn pouse nan plas premye a, yo chak t'ap pwente nan direksyon kat gwo van yo.*

" Lè [bouk kabrit la] *fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase."* Kisa k' te kase kòn lan? Nou wè pa t' gen moun sou latè ki te ka kanpe devan firè bouk kabrit la. Listwa rapòte rive lè Alexandre rive sou pouvwa, lemonn antye te deja fin soumèt devan l'. Tradisyon rapòte Alexandre t'al chita nan yon kwen pou l' kriye paske pa t' okenn lòt wayòm ki rete pou l' te konkeri. Li te deja fin konkeri lemonn antye. Sepandan, nan mitan gran pwojè konkèt sa a, gen yon lafyèb cho ki te pran l' apre l' te fin pase tout yon nwit ap bwè tafya, e l' te mouri Baiblòn nan lanne 323 anvan jan Jezikri a laj tranndezan sèlman. "*Lè li fin chita pouvwa li byen chita, gwo kòn li an kase."*

Se tafya ak debòch ki te mete do touletwa anpi sa yo: Babilòn, Medi ak Pès e Grès Masedwàn atè. Dr. McGee di m' pa kwè se ewoyin ak mayiwana ki va lakòz pèt Lèzetazini, men tafya pap manke l'. Pa mal entèprete sa m'ap di la a non, m' pa di pou yo legalize mayiwana non, m' byen konnnen dwòg ak trafik dwòg se yon gwo danje pou sosyete nou yo, men m' gen enpresyon sanble nou bliye jan tafya te lakòz pèt anpil nasyon.

Se paske l' te yon tafyatè andisi kifè gran anpi Alexandre Legrand an te kout konsa. Li te konkeri e kontwole lemonn antye men l' pa t' ka konkeri e kontwole tèt li, Alexandre Legrand. Gen yon gwo danje Washington DC. jodia, ki se lè chèf yo ap pran yon seri gwo desizyon pandan ke yo sou anba tafya. Zanmi Lèzetazini pa diferan ak lòt ansyen gran pisans yo nan! Si l' kontinye pèsiste nan chemen sa a l'ap pase mal menmjan ak Babilòn, menmjan ak anpi Alexandre Legrand an.

© Trans World Radio

Danyèl remake: "… *gwo kòn li an kase. Kat lòt gwo kòn pouse nan plas premye a…"* Apre lanmò Alexandre Legrand anpi li a te divize an kat pati sou kont kat moun (sa ke yo te reprezante avèk pantè ki te gen kat tèt la nan chapit 7 la). Me non kat general yo ki te divize anpi Alexandre lan, se: Cassander, ki te marye ak sè Alexandre Legrand, li te pran zonn Ewòp la espesyalman Lagrès ak Masedwàn; Lysimachus ki te pran pati siperyè Azi Minè a, kote jodia nou rele Latiki a; Seleucus te pran Azi, sa vle tout zonn lès anpi a an wetan peyi Lejip; e Toleme te pase men pran peyi Lejip sou bò nò kontinan Afriken an.

Danyèl 8 :9 *Yon ti kòn pouse sou yonn nan kòn sa yo. Li grandi, li mache fè lagè ak moun peyi nan sid la, moun peyi bò solèy leve a ak moun peyi ki pi bèl pase tout lòt yo.*

" *Peyi ki pi bèl pase tout lòt yo"* a se Izrayèl.

Alò remake "ti kòn" sa a ki pouse isit la nan vèsè 9 chapit 8 la, se pa menm ti kòn ak chapit anvan an. Nan chapit 7 la se nan katriyèm wayòm nan ti kòn va leve, men isit la se nan twazyèm wayòm nan ti kòn sa a pouse. Ti kòn n'ap wè kounyea se yon ti kòn istorik tandiske ti kòn chapit 7 la se yon ti kòn fiti ke yo va revele nou pi devan. Ti kòn sa a n'ap etidye nan chapit 8 la la a te soti an Siri nan liy fanmi Seleucid. Se Antyokis IV, yo rele tou Epifàn, pitit Anthiocus Legrand. Anpil fwa yo rele l' "Epifàn Makawon", se te yon lòt chèf manfouben.

Antyokis te monte sou pouvwa nan lanne 175 anvan Jezikri e l' te atake lavil Jerizalèm. Se kont li Makabe peyi Jida yo te pran lèzam la. Fonsyèmsn antisemis nan nati, Antyokis te eseye ekstèmine Jwif yo. Li fè mete yon imaj Jipitè nan Lye Sen tanp Jerizalèm nan. Sa se te premye "abominasyon dezolasyon" an. E l' te fè vide bouyan vyann kochon sou veso sen yo nan tanp lan.

© Trans World Radio

Danyèl 8 :10 *Li grandi toujou, jouk li rive atake lame ki nan syèl la, zetwal yo menm. Li jete kèk ladan yo sou latè, li pilonnen yo anba pye l'.*

Onètman entèpretasyon vèsè sa a pa fasil. Dapre mwen yonn nan bon entèpretasyon yo se ta va Antyokis te defye Bondye e yo te penmèt li pran tanp lan ak lavil Jerizalèm. Batay sa a te touche monn envizib la kote zanj yo t'ap twoke kòn ak denmon yo. Kèk nan eksplwa yo di Antyokis te fè yo se bagay ekstraòdinè, e si sa yo di yo vre, sètènman se pisans satanik lan ki t'ap manifeste l'.

Danyèl 8 :11 *Li grandi, li menm rive atake chèf lame ki nan syèl la, li fè yo sispann ofri bèt pou touye pou li. Li fè kraze Tanp yo te mete apa pou li a.*

Antyokis te yon sèvitè devwe Jipitè, li te menm panse li se te yon pèsonifikasyon fo dye sa a. Li te monte grad e rele tèt li *Theos Epiphanes*, sa vle "Bondye Manifeste."

Danyèl 8 :12 *Li fè sòlda lame li yo al moute kan yo kote yo te konn ofri bèt pou touye pou Bondye a. Ti kòn lan voye bon relijyon Bondye a jete atè, li te rive nan tou sa l'ap fè.*

Sa ak volonte pèmisiv Bondye ti kòn sa a te rive fè tout zafè sa yo e pwospere pandan yon ti tan.

Danyèl 8 :13 *Apre sa, mwen tande yon zanj pale ak yon lòt zanj, li di li: -Kilè sa yo bay nan vizyon an va rive? Kilè y'a sispann fè gwo peche sa a nan plas ofrann bèt ki pou fèt chak jou a? Kilè y'a sispann pilonnen lame ki nan syèl la ak tanp Bondye a anba pye yo?*

Zanj Bondye sa yo se lòt èt entlijan an wetan lòm Bondye te kreye yo, sa nou ta rele kreyati sinatirèl yo. (An pasan m' toujou

© Trans World Radio

ap poze tèt mwen kesyon mande kòman zanj yo rele nou.) Ti kòn nan te pwofane tanp Bondye a e yo bay pwofanasyon sa a pote non " transgresyon dezolasyon."

Avèk pawòl sa yo nou rive nan moman pou mete yon bout nan etid jodia. Si w' gen yon tan ou ka li Danyèl 8:13-27 kòm preparasyon pou pwochen pwogram. Pou kounye n'ap kite w' avèk lapè Bondye!

© Trans World Radio
Traduction et Production : Storly Michel (SM Production), mstorly@hotmail.com